

## Pwogram Sipò pou Donè Vivan (Living Donor Support Program)

### Fèy Kalkil pou Demann Ranbousman ki Prewwa (Anticipated Reimbursement Request Worksheets)

---

Fèy kalkil sa yo opsyonèl epi yo kapab sèvi kòm yon zouti pou donè vivan an pou li reflechi sou depans li gendwa fè epi gendwa bezwen ranbousman pandan tout pwosesis don ògàn vivan an. Ranbousman fèt selon tarif pwogram nan fikse yo kote sa aplikab, epi li baze sou resepsyon dokiman obligatwa ak apwobasyon pwogram nan. Pa gen okenn donè yo pral ranbouse plis pase \$14,000.00 pou chak don ògàn pandan li vivan. Depans reyèl yo gendwa varye. Apre yo fin aksepte pwogram nan, donè vivan an pral soumèt bon ranbousman yo apre depans yo fin fèt e verifye.

Lè w ap ranpli Fèy Kalkil pou Demann Ranbousman ki Prewwa (Anticipated Reimbursement Request Worksheets) yo, li enpòtan pou konsidere kisa chak faz ye epi ki delè chak faz nan pwosesis don ògàn vivan an. Tanpri gade deskripsyon chak faz pi ba a:

**Evalyasyon:** Kòmanse avèk deplasman donè vivan an pou ale nan sant transplantasyon an pou vizit sou plas, anvan operasyon an, pou asire w li satisfè tout kondisyon yo, pou w kontinye avèk operasyon don an. Nòmalmman, sa se yon pwosesis ki dire 1 rive 2 jou

**Operasyon ak rekiperasyon:** Kòmanse avèk deplasman pou ale nan sant transplantasyon an pou operasyon an, epi kontinye pandan yon ti tan apre egzeyat lopital la. Faz sa a dire jiskaske donè vivan an rive sou 8 semèn apre operasyon don ògàn nan.

**Swivi:** Se peryòd ke sant transplantasyon an detèmine pou donè vivan an retounen pou vizit sou plas pou evalye pwogrè ak/oswa nenpòt bezwen donè vivan an genyen. Faz sa a dire ant 9 semèn rive 12 mwa apre operasyon don ògàn nan.

## FÈY KALKIL POU DEMANN RANBOUSMAN KI PREVWA: Pèt Salè

Prèw revni pa obligatwa lè ou ap aplike pou Pwogram Sipò pou Donè Vivan (Living Donor Support Program), men li pral obligatwa pou bezwen verifikasyon anvan demann ranbousman pou pèt salè.

1. Pou ki faz nan pwosesis don ògàn vivan an ou panse mande Pwogram Sipò pou Donè Vivan an ranbouse salè ou pèdi yo?  
 Evalyasyon  
 Operasyon ak rekiperasyon  
 Swivi

**Remak:** Pwogram Sipò pou Donè Vivan an kapab ranbouse pèt salè yo jiska yon total 4 semèn, sòf si gen sikonstans espesyal pwofesyonèl swen medikal ou a detèmine. Avèk sikonstans espesyal ki dokimante, pwogram nan kapab ranbouse pèt salè donè vivan an jiska yon total 8 semèn. Règlemantasyon pwogram nan limite ranbousman pèt salè yo a 2 jou pou faz evalyasyon an epi 1 jou pèt salè pou chak vizit nan klinik pandan faz swivi pwosesis la. Se responsablite donè vivan an pou li deside kijan li ta renmen distribye ranbousman salè a sou kèk nan faz yo oswa sou tout faz yo.

2. Konbyen èdtan, jou ak/oswa semèn ou panse ou pral pèdi salè parapò avèk don ògàn pandan ou vivan an?  
**Evalyasyon:** \_\_\_\_\_ èdtan/jou  
**Operasyon ak rekiperasyon apre ospitalizasyon:** \_\_\_\_\_ èdtan/jou/semèn  
**Swivi:** \_\_\_\_\_ èdtan/jou

3. Tanpri bay revni brit ou (kantite lajan ou touche anvan yo retire nenpòt taks oswa frè) pandan ane pase a ak mwa pase a.  
**Revni anyèl:** \$ \_\_\_\_\_  
**Revni masyèl:** \$ \_\_\_\_\_

4. Èske ou panse sèvi avèk konje peye (paid time off, PTO) oswa konje maladi ou akimile yo pou kouvri nenpòt tan ou p ap travay parapò avèk don ou a?  
 Non  
 Wi. Tanpri eksplike: \_\_\_\_\_

**Remak:** Pwogram Sipò pou Donè Vivan an pa egzije pou ou fini avèk tout konje peye (PTO) oswa konje maladi ou akimile yo, men, si ou gen tan sa yo epi ou vle konsève li, sa ap bezwen kowòdinasyon ak apwobasyon patwon ou. Tanpri asire w ou verifye avèk patwon ou si gen avantaj espesyal pou donè vivan ki gendwa disponib pou ou.

**Lòt eleman pou konsidere:**

## FÈY KALKIL POU DEMANN RANBOUSMAN KI PREVWA: Depans pou Swen Depandan

Ranbousman pou swen depandan kouvri swen timoun, ki gen ladan timoun ki gen andikap, swen pou adilt depandan ak swen pou granmoun aje. Yo pral ranbouse sa yo selon tarif estanda Pwogram Sipò pou Donè Vivan yo.

1. Nan ki faz ou panse ou pral bezwen Pwogram Sipò pou Donè Vivan an ranbouse depans swen timoun ou yo? Sa pa ta dwe gen ladan swen ki deja egziste, sèlman swen anplis ki nesèsè akòz pwosesis don ògàn vivan an ki se swen donè vivan an konn fè nòmalmman:
  - Evalyasyon
  - Operasyon ak rekipasyon
  - Swivi
2. Nan ki faz ou panse ou pral bezwen Pwogram Sipò pou Donè Vivan an ranbouse ou pou swen yon timoun ki gen andikap (0–17 lane), yon adilt depandan (18–64 lane) oswa yon granmoun aje (65 lane oswa plis)? Sa pa ta dwe gen ladan swen ki deja egziste, sèlman swen anplis ki nesèsè akòz pwosesis don ògàn vivan an ki se swen donè vivan an konn fè nòmalmman:
  - Evalyasyon
  - Operasyon ak rekipasyon
  - Swivi
3. Fè yon lis timoun yo, timoun ki gen andikap, adilt depandan, ak/oswa granmoun aje ke w ap bezwen òganize yon lòt fòm swen pou yo:

NON	RELASYON AVÈK DONÈ VIVAN	LAJ

Lòt eleman pou konsidere:

## FÈY KALKIL POU DEMANN RANBOUSMAN KI PREVWA: Depans pou Deplasman ak/oswa Moun ki la pou Bay Sipò

Yo pral sèvi avèk tarif Administrasyon Sèvis Jeneral Etazini (U.S. General Services Administration, GSA), ki baze sou kote ak ane kote depans yo fèt, pou detèmine ranbousman maksimòm pou eleman depasman yo, tankou transpò, lojman ak manje. Pou plis enfòmasyon, vizite: [gsa.gov/travel](https://gsa.gov/travel).

### Depans Depasman ki Prevwa

Kouvèti depans lojman yo depannde distans donè a rete parapò avèk sant transplantasyon an (75 mil ale sèlman) ak moman sant transplantasyon an detèmine donè a kapab deplase sou distans sa a apre ospitalizasyon li nan sant lan.

**Remak:** Yo ap ranbouse manje yo sèlman si donè vivan an bezwen lojman.

Reflechki sou ki eleman depasman ou panse mande ranbousman pou yo epi pou ki faz.

	EVALYASYON	OPERASYON AK REKIPERASYON	SWIVI
Otèl			
Manje			
Transpò			

Si w ap mande ranbousman pou transpò, tanpri di mwayen transpò ou panse itilize nan youn oswa tout faz yo:  
C = Car (Machin); A = Flying (Avyon); B = Bus (Bis); T = Train (Tren).

**Lèt depans depasman ki prevwa** (sa vle di frè pakin, peyaj, taksi, sèvis transpò pataje, elatriye):

**Lèt eleman pou konsidere:**

### Moun nan (yo) ki akonpaye donè a pou bay sipò

Pwogram Sipò pou Donè Vivan Eta New York kapab peye pou yon moun sipò ki deziyen pou chak depasman. Yo ap ranbouse moun sipò a selon yon tarif fiks \$100.00 pa jou, pou jiska 20 jou ototal.

MOUN KI AKONPAYE DONÈ A POU BAY SIPÒ	LÒT MOUN KI AKONPAYE DONÈ A POU BAY SIPÒ
Prenon:	Prenon:
Siyati:	Siyati:
Relasyon avèk Donè:	Relasyon avèk Donè:
Depasman: Tcheke tout sa ki aplike <input type="checkbox"/> Evalyasyon <input type="checkbox"/> Operasyon ak rekiperasyon <input type="checkbox"/> Swivi	Depasman: Tcheke tout sa ki aplike <input type="checkbox"/> Evalyasyon <input type="checkbox"/> Operasyon ak rekiperasyon <input type="checkbox"/> Swivi

